

# SISPANSYON POU DEGÈPISMAN

Gen plizyè kalite pwoteksyon ki an plas pou anpeche degèpisman nan Florid ak nan tout peyi a. Sepandan, règleman sa yo pa vle di ke ou pa bezwen peye lwaye ou dwe, se poutèt sa moun la Florid ap goumen pou plis èd nan #AnileLwaye ak peman ipotèk. Mèt kay ou a pa kapab fè ou degèpi san se pa yon jij nan tribinal ki bay lòd la. Si yon degèpisman fèt kont ou, kontakte yon avoka oswa òganizasyon lokal ki bay èd legal/asistans legal touswit.

## SISPANSYON FEDERAL

Genyen yon sispansyon federal pou sèten ka degèpisman ki te kòmanse 27 mas 2020 e ki pral kontinye jiska 25 jiyè, 2020. Lwa fededal sa a entèdi pwopriyete kay oswa bilding ki pwoteje yo pou yo depoze yon nouvo ka pou degèpi yon moun ki pa ka peye lwaye li pandan peryòd sa a. Lwa sa a entèdi yo tou pou yo chaje w frè oswa enterè pou pèyman ki an reta pandan peryòd sa a. Sa pa vle di ke ou pa gen pou peye lwaye ou ta ka dwe a, se sak fè ke Floridyen yo ap goumen pou plis asistans pou #Anilelwaye ak pèyman ipotèk yo.

W ap genyen pwoteksyon si w ap viv nan yon kay oswa bilding ki pwoteje anba sispansyon Federal la, ki gen ladan, men ki pa limite a:

- kay oswa bilding avèk ipotèk federal yo (tankou FHA, Freddie Mac, Fannie Mae, VA, HUD, USDA)
- kay oswa bilding yo k ap resevwa kredi taks pou lojman ak revni ba yo (LIHTC)
- lojman piblik (kay Leta)
- seksyon 8 (èd sou fòm kupon pou peye kay ak apatman pwojè yo)
- kay oswa bilding ki bay lojman pou granmoun ajè, moun ki andikape, moun ki pa gen kay ak moun ki gen SIDA e ki gen sipò nan men divès kalite pwogram federal yo
- pwogram lojman USDA ak pwogram lojman nan zòn riral yo ki anba Depatman Agrikilti a, ki gen ladan, èd sou fòm kupon pou lojman riral yo

Ou ka jwenn yon lis kèk (menm pa tout) pwopriyete ki kouvri anba pwoteksyon an si ou klike an ba a. Mèm si pwopriyete kibò ou viv pa nan lis la, gen yon posibilite ou kouvri anba pwoteksyon an kanmenm.

## **FÈ RECHÈCH SOU PWOPRIYETE**

Ou pa p kalifye pou gen pwoteksyon anba lwa sa a si:

- yo te depoze ka degèpisman an nan tribinal jou 26 mas, 2020 an oswa anvan
- degèpisman an baze sou yon ka kote ou pa t respekte yon kondisyon nan kontra lokasyon w lan (lòt rezon ki pa pèyman)
- kay oswa bilding ou an pa pwoteje anba lwa a.

Tribinal Florida yo pa anonse kijan yo pral jere ka yo ki afekte anba nouvo lwa a. Si ou gen yon ka degèpisman ki te depoze kont ou, kontakte yon avoka oswa òganizasyon legal aid [asistans legal] lokal nan zòn ou an pou wè si yo ka ede w.

# SISPANSYON POU DEGÈPISMAN

## SISPANSYON NAN ETA LA FLORID

Soti nan 2 avril - 1 jiyè, eta Florid la entèdi, [eta la Florid entèdi](#):

- degèpisman residansyèl pou mank peman an rapò ak kriz Koronavirus epi
- ke yo sezi kay tout moun ki pap peye ipotèk yo.

Degèpisman pwopriyete komèsyal, tankou ti komès, ak degèpisman pou yon bagay spesifik pa kouvri nan entèdisman eta la Florid. Men règ yon konte oswa yon fèmti tribinal lokal ka fè yon degèpisman vinn enposib. Gouvènman federal la gen pwòp règleman pal ki entèdi degèpisman kay, mèm si pa gen rapò ak kriz Koronavirus la.

## SISPANSYON POU DEGÈPISMAN NAN KONTE YO

Si ou pa genyen sispansyon federal la pa pwoteje'w, ka gen lòt pwoteksyon nan nivo konte a, ki an plas tanporèman, ki ede lokasyon rezidansyèl ak komèsyal. [Klike anba](#) pou wè sa konte paw na la Florid anonse. Anons sa a te mete ajou le 7 Avril 2020, men bagay yo ap chanje jou apre jou, kidonk toujou tcheke avèk grefye tribinal la oswa yon avoka pou konfime sityasyon nenpòt chanjman nan règ yo si ou gen yon ka ki te deja depoze kont ou. [Òganizasyon Legal Aid \[asistans legal\]](#) yo disponib pou ede w pa telefòn ak sou entènèt.

**[PLIS ENFÒMASYON](#)**

## MANDE AKSYON POU SISPANN DEGÈPISMAN AK SEZI KAY NAN FLORID

Òganizasyon kominotè, tankou [Florida Housing Justice Alliance \[Alyans pou jistis pou lojman nan Florida\]](#), ap mande pou gouvènè a anile lwaye pèyman ipotèk, ak mete yon sispansyon pou degèpisman nan tout eta a, sispansyon sezi kay, ak entèdiksyon pou konpayi kouran, gaz telefòn elatriye ki founi sèvis piblik yo pa koupe sèvis pou moun ki pa ka peye yo, bay moun ki afekte yo yon asistans dirèk ak bay moun ki san kay yo pou yo rete. Pandan ke degèpisman yo ap reglemante nan nivo eta a, lidè lokal yo kapab e yo ta dwe aji imedyatman pou anpeche plis enpak sou kominote nou an pandan ak apre eta dijans lan.

**[ENSKRI LA A POU NOU MANDE AKSYON](#)**